

Panaliten kanthi irah-irahan Kajian Sosio-Ekokritik Sastra Ing Salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat Anggitanipun R.Tg Jasawidaga menika naming ngrembag ngengingi wujudipun sosio-ekokritik sastra saha caranipun ngandharaken wujud sosio-ekokritik sastra ing salabetipun novel Kirti Njunjung Drajat. Wondene panaliti boten nggayutaken kalihan pagesanganipun panganggit, inggih R.Tg jasawidagda.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan bab *sosio-ekokritik sastra ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda* ingkang sampun kaandharaken wonten ing bab saderengipun saged dipunpendhet dudutanipun ing ngandhap menika.

Adhedhasar wosing *novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda* saged kapendhet sosio-ekokritik sastra. Wujudipun sosio-ekokritik sastra wonten 22 sosio-ekokritik sastra. Wondene 22 sosio-ekokritik sastra kasebut kaperang dados sekawan. Sekawan perangan kasebut inggih menika sedasa kritik sosial-budaya, sekawan kritik moral, kalih kritik politik, setunggal kritik ekonomi, saha tiga kritik ekologi. Wosipun kritik menika saged kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Kriti Sosial-Budaya

a. Pandamelan

Wosing kritik ngengingi pandamelan inggih menika anggenipun nyambut, tiyang boten saged langsung dipunangkat dados pegawai ingkang sekeca. Ananging tiyang kedah mbudidaya amrih saged sekeca ing pandamelanipun.

b. Kritik dhateng Tiyang ingkang Pangkatipun Inggil

Wosing kritik ngengingi tiyang ingkang pangkatipun inggil inggih menika nalika wonten ing sepur, wonten tiyang ingkang saksekecanipun piyambak amargi ngaros gadhah pangkat ingkang inggil.

c. Kritik dhateng ingkang Mbedakaken Pangkat

Wosing kritik menika inggih nalika ing pahargyan manten. Ing pahargyan kasebut, Darba kapurih biyantu kangge leladosan dhateng para rawuh. Ing ngriku, anggenipun laladosan, Darba kapurih mbedakaken antawisipun tiyang ingkang apangkat inggil kaliyan tiyang andhahan.

d. Kritik dhateng Kawibawan

Wosing kritik menika inggih kawibawan boten namung dumuning wonten ing tiyang ingkang pangkatipun inggil, ananging ugi dumunung ing batosiun tiyang menika piyambak.

e. Kritik Bab Wekdal Lelungan

Wosing kritik menika inggih anggenipun lelungan, tiyang Jawi nggatosaken sanget wekdal. Ing cariyos menika kacariyosaken nalika lelungan nalika wekdal sonten.

f. Kritik Bab Gamanipun Tiyang Gesang

Wosing kritik menika inggih anggenipun gesang wonten ing alam donya menika gamanipun boten namung pandamelan kemawon, ananging ugi sipat ingkang sae saha maringi munpangat dhateng tiyang sakiwa-tengenipun.

g. Kritik Bab Literasi

Wosing kritik menika inggih ngengingi wogatosipun literasi kangge mbikak pamawasipun tiyang.

h. Kritik Bab Samun ing Samudana

Wosing kritik menika inggih anggenipun paring pamrayogi boten lajeng dumugi parakawisipun ananging kanthi nyingitaken sadaya kakajenganipun.

i. Kritik dhateng Sadaya ingkang Nyingkiri Pranatan

Wosing kritik menika inggih kathah ingkang nerak paugeran. Lajeng wonten sawatawis tiyang ingkang ngemutaken tiyang-tiyang ingkang nyingkiri bebener kasebut.

j. Kritik Bab Gamanipun Gesang

Wosing kritik menika inggih tiyang gesang ing ngalam donya boten saged namung ndherek utawi boten gadhah prinsip. Ing cariyos kasebut dipuncariyosaken bilih Darba menika badhe kecalan prinsipipun.

2. Kritik Moral

a. Kritik Kangge Ngurmati Tyang Sanes

Wosing kritik menika inggih bab kadadosan ing salebetipun sepur. Ing ngriku Mas Bei Mangunripta boten saged anjagi unggah-ungguh dhateng tiyang sanesipun

b. Kritik Njagi Raosipun Tiyang Sanes

Wosing kritik menika inggih wonten bangsa Walandi ingkang ngendika boten sekeca dhateng Mas Bei Mangunripta migunakaken basa Walanda. Ananging, supados kahanan tansah jenjem, Darba nyingitaken menapa ingkang dados tegesipun basa Walanda menika.

c. Ngormati dhateng Tiyang Sanes

Wosing kritik menika inggih wonten ingkang nepsu amargi rumas kagungan apangkat inggil ananging boten dipunaturi mbeksa langkung rumiyin.

d. Atur Pangapura

Wosing kritik menika inggih nalika Dhistrik ingkang apangkat pulisi ngaturaken panyuwunan pangapura ananging boten dipuntampi dening Den Bei Mangunripta.

3. Kritik Politik

a. Ngormati Panggedhe

Wosing kritik menika inggih wonten satunggal tamu ageng ingkang dipunentosi rawhipun. Ananging panggedhe kasebut boten saged rawuh.

b. Ngremenaken Tiyang Sepuh

Wosing kritik menika inggih dipunsebutaken budidayanipun Darba lan Darya ingkang kepengin ngremenaken batosipun tiyang sepuhipun.

4. Kritik Ekonomi

a. Beboros Arta

Wosing kritik menika inggih kathah tiyang Jawi ingkang beboros arta, ing cariyos kasebut dipuncariyosaken bilih tiyang jawi beboros arta kangge pagesanganipun.

5. Kritik Ekologi

a. Nanem taneman

Wosing kritik menika inggih Ing redi merapi, samenika sami dipunwangun kathah wewangunan. Panganggit nyerat supados kathah dipuntanemi ijem-ijeman kangge nglajengaken gesang samangke.

b. Njagi Resikipun Lepen

Wosing kritik menika inggih lepen minangka satunggalipun sumber toya, kedah dipunjagi karesikanipun.

c. Kahanan Donya Langkung Panas

Wosing Kritik menika inggih Jaman samenika, kahanan sampun wiwit panas. Mila, tiyang kedah saged anjagi kahananipun bumi supados saged nglajengaken gesang ing donya.

6. Wujudipun andharan Kritik ing Novel Kirti Njunjung Drajat

a. Langsung

Kritik ingkang dipunandharaken kanthi cara langsung inggih menika pandamelan, tiyang Tiyang ingkang pangkatipun inggil, mbedakakaen

antawisipun tiyang apangkat inggil kaliyan andhap, kawibawan, wekdal lelungan, gamanipun gesang ing ngalam donya, Ngormati dhateng tiyang sanes, njagi raosipun tiyang sanes, ngormati dhateng tiyang sanes, atur pangapura, ngormati panggedhe, ngremenaken tiyang sepuh.

b. Boten Langsung

Kritik ingkang kaandharaken kanthi boten langsung inggih menika Literasi kangge mbikak pamawas, samun ing samudana, manut marang sadaya ingkang nyingkiri pranatan, Nanem taneman supados saged kangge kalajengan gesang, njagi resikipun lepen, kahanan sampun wiwit panas.

B. Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten menika dipunpendhet *implikasi*:

1. Asiling panaliten menika saged dipunginakaken kangge dhasar *acuan* panaliten ingkang saklajengipun, mliginipun ingkang gegayutan kaliyan *sosio-ekokritik sastra* ing salebetipun novel.
2. Asiling panaliten ugi saged dipunginakaken kangge maringi tambahan *bahan ajar* wonten sekolah, guru saged ngginakaken *data* panaliten wonten asiling panaliten menika, satemah siswa saged nyinau langkung kathah bab sosio-ekokritik sastra ing salebetipun novel.
3. Dipunkajengaken awit saking panaliten menika saged tuwuh panaliten-panaliten sanesipun ingkang gayut kaliyan sosio ekokritik sastra, saengga

saged maringi tambahing panaliten-panaliten ingkang gayut kaliyan bidhang sastra.

C. Pamrayogi

Panaliten menika taksih winates amargi namung ndudhah *sosio-ekokritik sastra ing salebetin novel kanthi irah-irahan Kirti Njunjung Drajat*. Novel menika ugi kathah ngewrat ajaran moral-ajaran moral saha, pramila saged dipunlajengaken mawi panaliten ingkang langkung mligi gegayutan kaliyan bab *nilai-nilai moral* ing salebetipun novel.

Asiling panaliten menika saged dipunginakaken kangge *referensi* panaliten sanes, saha kaangkah wujud-wujud kritik ing salebetipun novel menika saged dipuntrapaken wonten ing pagesangan.